Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
16 июнь
РУЗМАН
№27
(7462)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**26 июналда республикаялда тIоритIизе руго Имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялда хурхарал тадбирал**



26 июнь 1797 сон- 4 февраль 1871 сон

## Имам Шамил

**Сабигат МухIамадова**

ГIасрабазул гъатаз бахчизабичIеб,
Паркъолеб хутIана Шамилил хвалчен,
ТIолго Кавказалъул яхIги намусги
Динул исламалъул байрахъ парпалеб.

МагIарул халкъалъул къвакIи борцине,
Дур бицани гIола кIудияв Имам;
Бищунго гвангъараб Кавказалъул цIва,
ЦIар Дагъистаналъул борхат ккурав цIум.

Халкъазул ракIазулъ бикIараб дур цIар
ЦIилъун гуронани, тIерхьине гьечIо;
Шамил, жакъаги мун нижер цебехъан,
Имам, кидаго мун нижер багъадур.

Дин цIунун, халкъ цIунун, гьал мугIрул цIунун
ЦIадулал рагъазда гIумруго арав,
РахIманасул нухда халкъ тIобитIиялъ
Даимлъиялдаго цIар щулалъарав.

ГIелмуялда гIамал рекъарав гIакъил,
Иман щулиясе мисаллъун вуго.
Имам Шамил, дур цIар борхалъи буго,
Кинаб къо щваниги, магIарулазе.

АхIулгохI-борхалъи Дагъистаналъул
Дур цIар дунялалда рагIизабурав
Гьеб цIудул борхалъи ганчIил къураби,
Наслабазе дарслъун гIасрабаз бугеб.

Гьеб ТIадегIанасул хIукму батила,
Гъазаватлъун букIин тIолго дур гIумру;
КIудиял аскарал щущазарурав,
Рагъаз лъукъанагIан цевехун арав.

Имам, дур суратцин Дагъистаналъе
БахIарчилъиялъе нугIлъилъун буго.
МагIаруллъиялъул чIухIигун къвакIи
КъартI дур гIадаб лъачIо дуниялалда.

**Терроризм-кIкIалал тIинде нух**

## Терроризмалъул кьогIлъигун согIлъи нилъедаго бихьана

Араб гIасруялъул ункъоабилел соназул байбихьуда, Афгъанистаналда рукIарал рагъулал тунка-хIусиязул бицунел ахирал харбал хъахIилаб экраналдасан кьолаго, рагIунел рукIарал «душман», «экстремизм», «терроризм» ва цогидалги рагIаби жакъа къойил рагIулел руго нилъер рукъзабахъ. НуцIида нахъе ругин ахир заманадул гIаламаталин абухъего, сон рикIкIадаб чидар пачалихъалда букIараб хабар, жакъа нилъер рагьдухъ рещтIана захIматаб хIакъикъатлъун. Гьелъул кьогIлъигун нилъ «дандчIвана» ункъоялда анцIабилел соназул бащалъудаса хадуб. Республикаялда бакI-бакIазда ккана кьвагьа-гIанхъиял ва чIвай-хъвеял, ва жеги ссудулел бахун, чидар пачалихъаздеги ун, исламалъул цIаралда гьоркь рагъулал тунка-хIусиязулъгун чIвай-хъвеялъул щиб гьабизе гIахьаллъулел, цо чи чIвай инсаният чIваялда бащалъулин Къуръаналъ абулебги букIадго. Сириялдаса ва цогидалги рагъулал тунка-хIусиял ругел бакIаздаса бакIалъулаб халкъ, рес бугевщинав къватIиреги рахъун, нахъе гочунеб буго, рагъулъ гIахьаллъичIого, жидерго гIумру цIуни мурадалда, нилъер гIолохъаби гьереси-алжаналде унел руго. Гочилароан гурищ долги жидехъ Алжан букIарабани, лъутунги, лъелгогун-рекIунги. КIалал ккезеги, нодо багьизегIан суждаялда чIезеги, какал разеги гъукъарав чи щивго ва лъицаго гьечIо нилъехъги.



руго 1999 соналъул августалда «Дача» блокпосталда чIварал нилъер васазул улбузул ракIазулъ лъурал ругънал. Абухъего, рагъалъ вас гьавуларо, гьавуравги чIвала…

...Анкьабго рекъараб бакI Алжан букIуна. Бечедалги гIодула, мискиналги рохула. Улкаги хIукуматги какун, гIадамазул ихтиярал хвезарулел ругин гIиллабиги рачун, эркенго дин гьабизе рес кьолеб гьечIин багъанабиги ратун, «алжан» балагьизе унел руго гIолохъаби. Щиб балагьизе, сунда хадур унел ругел? Жал гуккараблъи гьезда гIемерго кватIичIого бичIчIулеб буго, амма пайда щибха... Щиб кьварилъи букIун жакъа чанги бечедал эбел-инсул васалгун ясал, бан гъажазда ярагъгун, гIодизарун улбулгун рохьазде унел? Улка-ракьги Гьедин бугониги, кьойидасан кьойиде цIикIкIунеб бугин гьединазул къадар абуни, дун мекьи ккеларо. Щай, щиб гIилла, сундуе гIоло? Суалал, суалал, гьечIел жавабал…

…Щибаб анкьалъ районалъул нухмалъиялъ росабалъе ун школаздагун годекIабахъ школлъималгун, гIолохъабигун ва жамагIаталгун тIоритIулел терроралде дандечIарал дандельаби, мажлисал, «гургинал» столал, интернеталдасан кьойил рихьизарулел «дореги» щун, кьорикьан рорчIарал хIакъикъиял гIадамаз рицарал харбазул видеороликал, амма гIолохъабаз гьелъул гьабулареб пикру.

Кинаб ахIвал-хIал районалда бугеб экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде данде гьабулеб? Гьеб суалгун дун дандчIвана жамгIияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевгун. Гьесулгун букIараб гара-чIвариялдасан баянлъана 2006 соналъул анлъабилеб марталъ къабул гьабураб «Терроризмалде дандечIеялъул хIакъалъулъ» 35леб Федералияб законалъул 5.2 статьялда рекъон тIоритIулел рукIин терроралде дандечIараб районалъул комиссиялъул информациялъулалгун пропагандаялъулал тадбирал, ай, бичIчIизабулеб букIин щиб жо кколеб терроризм ва жамгIияталъе гьелъул бугеб зарал.

Районалъул тIалъиялъул ва ихтиярал цIунулел идарабазул цIодораб бербалагьиялда гьоркь, гьезул цадахърекъараб хIалтIул хIасил хIисабалда, жакъа районалда бугеб жамгIиябгун политикияб ва оперативияб ахIвал-хIал цохIалаб, чIара-хьараб бугин абизе бегьула, законалъулгун жидер дандеккунгутIиял ругел такъсирчагIазул цо-кIиго чиясе гьеб гIорхьолъан борчIараб букIине бокьаниги.

«Дагъаб цебе ихтиярал цIунулел гIуцIабазул нухмалъулезулгун букIараб оперативияб данделъиялда жакъа кьоялда рохьов вахчун чIун вугев КIванадаса ГIалиев Шамилиде ва гьевгун цадахъ ругезда хитIаб гьабуна районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас, ярагъги гIодоб лъун, ракълилаб гIумру гьабизе хьизан-лъималазухъе рокъоре руссаян. Абизе ккола ахираб кIиго соналда жаниб районалда ккечIин «рохьилазул» рахъалъан кинабгIаги такъсирияб иш, лъугьа-бахьин. Батила гьебги цокъадаралъ гьабураб хIалтIул хIасил. ХIалтIиги дагьаб гьечIелъул гьабулеб. Араб соналъ, мисалалъе босани, анцIила ункъо росулъ тIобитIун буго терроризмалде дандечIараб районалъул комиссиялъ росабазул жамагIаталгун, школлъималгун ва гIолохъабигун дандчIваял террористалъул идеологиялде дандечIарал суалалгун.

Терроризм-кIкIалал тIинде нух

# Терроризмалъул кьогIлъигун согIлъи нилъедаго бихьана

1

Гьаб соналъги тIоритIулел руго росабалъ гьединалго тадбирал, школазда ц1алдохъабигун дандчIвалел руго имамзаби. Хасал идарабазул баяназда рекъон, нилъер пачалихъалъул гIорхъи бахун къватIивехун вагъулев вукIарав анцIила анкьго цIумадисесул анцIила цо чIван вуго. Щай 18-30 сон барал гIолилаз гIажал босулеб чидар пачалихъазда, жидеего гIарцуе гIоло гьел ралъаргъулел гIадамазул харбаздаги божун?

Ракълилаб гIумруялде тIадруссаразе, руссизе бокьаразе юридикияб, психологияб кумек гьабулеб комиссия буго районалда гIемер соназ хIалтIулеб. Ахирал соназ рохьазда вахчун вукIарав лъабго гIолохъанчи ва гьединазе кумек-квербакъи гьабулев вукIарав лъабгоявги тIад руссана хъизанлъималазухъе рокъоре.

Кидаго букIана нилъер район гIалимаздалъунги устарзабаздалъунги, диниял церехъабаздалъунги цIар араб. Нилъер гIалимзабаз дибирлъи гьабичIеб район букIун батиларо Дагъистаналда. Нусиялда кIикьоялда ичIго гIолилав ун вуго улка бахун къватIиве диниял цIалул идарабазда гIараб гIелму лъазабизеян, амма гьездаса жакъа кьоялда тIадвуссун районалда вуго гIицIго лъеберална кIиго чи»,-ян бицана МухIамадрасул Гагиевас.

Гьесул рагIабазда рекъон, гьенире цIализе унезулгуни, цIалун тIадруссаразулгуни хIалтIи гьабулеб буго гьел мекъаб нухде ккеялдаса цIуни мурадалда.

Араб соналъ жал хасаб сияхIалдасан (профучет) нахъе рахъейилан бачIараб кIиго гIарзаялъул хал гьабун буго ракълиде ва маслихIаталде рачунеб комиссиялъ. Абизе ккола, цин сияхIазде росарал, гьениса рахъизе цIакъ захIмат бугилан. Жакъа лъабкъоялдаса анцIилъанги тIаде сонал раралцин гIадамал руго 1999-2000 соназго гьединал сияхIазде росарал, жеги нахъе жал рахъинчIел.

ГIемер рачIуна гьезул гIарзал законалде дандечIараб пишаги жидеца гьабулеб гьечIелъул, жидерго магIишатазде руссун ругел жал профучеталдаса нахъе рахъейин, гьелъул жидее гIемерал квекIеналги кколел ругин абун. Амма, пайда щибха?! Гьеб бичIчIизе кколарищ нилъер гIолохъабаздаги: щибаб бокIнилъ гьелъул жидеего бугеб зарал, киве сапаралъ кканиги, кколел квал-квалазул. ГIемер хъвана нижецаги газеталъул гьурмазда экстремизмалъгун терроризмалъ халкъалъе зарал-зияи ва ургъел-къварилъи цIикIкIинаби гуреб, лъикIлъиялде рачунареблъи.

Бижулеб буго гьадинаб пикру: гьабгунияб тIадехун рехсараб хIалтIиги гьабулеб мехалъ, щайха районалда замазаманалда кколел цо-цо гIорхъолъа рорчIарал пишаби. Масала, апрелалъул ахиралда компьютеразулаб залалда кIиго чиясул гIумру жинца босараб граната кьвагъи гIадаб. Жакъасебгун метерисеб кьоялда ракIчIун рукIинеги рес гьечIин абуниги мекъи ккела, амма хIинкъи цIикIкIараб буго. Ккоге абе инсанасда ракIалде лъималазул яслиахазда, школазда, больницаялда, базаркъоялъ базаралда, ай, гIадамал ракIари цIикIкIарал бакIазда, райцентралъе лъим кьолеб хIавузазда такъсирияв ишал гьаризе. Гьел суалал рукIине ккела районалъул жавабиял идарабазул кидагосеб халгьабиялда.

Цо-цояз абила видеокамераби лъун ругин киргоян. Руго, амма гIемерисел бакIазда гьел хIалтIулел гьечIеблъи баянлъана бакIазде щун хал гьабидал. Гьединлъидал, хIажат буго цох1о районалъул нухмалъиялда рехун теч1ого, жамгIияталъги гьединал рахъазде кIвар буссинабизе, террораде дандечIеялда сверухъ районалда гьабулеб хIалтIулъ гьезулги жигараб г1ахьаллъи бук1ине.

МацIихъаби жужахIалъул тIинда рукIунин аби буго нилъер. БитIараб буго, мацIихъанлъи захIматаб иш буго, чанги хвел-хобалде жинца рачунеб. Амма мацIихъанлъи букIинин кколаро, тIоцебе дицаги, хадуб цогидазги, жидер щаклъи кканаб, яги щаклъи бугел гIадамазул кибалиго лъихъалиго букIараб дандеруссинаэулги, бихьараб ярагъалъулги, цогидал ишазулги тIадал идарабазда лъазабуни. Дидаго ракIалде ккола, гьединаб цIодорлъиялъ цо чиясулниги гIумру цIунилин, ва гьеб, мацIихъанлъи гуреб, чиясул гIумру хвасар гьаби, жамгIияб хIинкъи гьечIолъи нилъедаго сверухъ букIинаби кколин. Дицаги дир иш гурин, цогидаси иш тIаде кколез гьабизе те хIалтIиян абун кIвар кьечIого тани, квешаблъикIаб лъималаздаги малъичIони, дидаги гьваге, гьванкиги тIагIугеян рукIани, нилъ кире кколел, сунде рачIунел?! Нилъер жамгIияталде бахун буго захIматаб унти-кIваргъечIолъи бихьизаби (равнодушие), гьеб сах гьабизе ккун буго, гурони терроризмалъул кьогIлъигун согIлъи нилъедаго гIемер бихьиялда хIинкъи цIикIкIараб буго.

**Хадижат Залимханова**

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъ 80 сон тIубаялде

**Гьаб соналъул 1 декабралда 80 сон тIубала районалъул «ЦIумадисезул гьаракь» газета къватIибе биччазе байбихьаралдаса. ТIоцебе газета къватIиб биччана «Ленинил байрахъ», хадубккун - «Колхозчи» цIаразда гьоркь.**

**1992 соналдаса нахъе газета къватIибе биччала «ЦIумадисезул гьаракь» абураб цIаралда.**

## Заманалъул ва гIумруялъул матIу

**1965 соналъул «Колхозчи» газеталдаса цо-цо макъалаби**

# Шамил Имамасул васасул къисмат

КIаратIа росдал некIсиял хабалазда буго кIудияб хIужраги тIад бараб, заман ун, чIунтараб хоб. Хабада чIван буго метрагун бащалъиялдасаги цIикIкIун борхалъи бугеб зани. Берцинго къачIараб гьелда тIад гIараб мацIалъ хьвай-хьвагIай гьабун буго. ГIемерисеб бакIалдаса хIарпал ччукI-ччукIун, цIализе лъаларедухъ лъугьун руго.

Цогидазулалдаса батIа бахъизе лъаледухъ къачIараб хоб лъилдай кколеб? Гьединаб суал лъуна жидедаго цебе ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росдал гьоркьохъеб школалда гIуцIараб тарихиябгун край лъазабиялъул кружокалъул членаз. Гьез хабалазде гIараб мацI лъалев чанго чи вачана, росулъ бищунго херал чагIазде аскIоре щвана ва гIемераб интересаб материал бакIарана. ЦIалдохъаби щвана 102 сон барав КъурбановГIалимухIамадихъе, 95 сон барав ИсмагIилов ГIабдулкаримихъе. Заниялда хъвараб жо цIализе кIвана ГIабдулхIалимов МухIамадибирасда. Гьениб гьадин хъван буго:

«Гьанив вукъун вуго имам Шамилил вас Жамалудин, жив гьижра гьабун КIаратIе вачIарав»,-абун.

КигIан хал гьабуниги, заниялда Жамалудин хвараб заман батIа бахъизе кIвечIо. КIудиял чагIазул хIисабалда рекъон, гьев хун вуго гIарабиязул календаралда рекъон, 1276 соналда, нилъер календаралда рекъон 1857 соналда.

Кружокалъул членаз лъазабуна Шамилил Жамалудин кин КIаратIа ккаравали. КIудиял чагIазул биценазда рекъон, пачаясул аскараз АхIулгохI бахъараб 1839 соналда гIурусазухъе щун вуго Жамалудин. Гьелдаса нахъе гьес Россиялда гIемераб заман бан буго. Пачаяс гьев цIализавун вуго. Гьеле гьеб заманалда Жамалудиние гьесул эбелалъ кечIцин гьабун букIун буго. Херазда жеги ракIалда руго кочIол рагIаби:

**«Дидаса тIунилан**
**РакIалъул рухIел,**
**РекIеда жанисан**
**Лъица мун тIелев?**
**РикIкIаде витIанин**
**Беразул канлъи,**
**Киналго угьдила**
**Духье, рекIел тIегь.**
**Духъ гIумру бичарав**
**ГIазизав инсул,**
**Анищал рукIуна**
**Духье Жамалдин!**
**Щиб гьабилеб, месед,**
**Гьадинан ккедал,**
**Аллагьасул цIобалъ**
**ЦIунун таги мун».**

Бицанихъе, Шамилица пачаясул аскаразде чанги гьужум гьабун буго вас хвасар гьавиялъе гIоло ва ахирги Жамалудин инсухъе щун вуго. ГIемер кватIичIого Жамалудин гьуъурзул унтуца унтун вуго ва Шамилил буюрухъалда рекъон, гьава-бакъ лъикIаб бакIалде сах гьавизе, наиблъун кIудияв вас ГьазимухIамад хIалтIулеб бакIалде, КIаратIе витIун вуго. Жамалудине дару гьабулеб букIун буго устар, кIудияв Шамсудин абулев чияс. Амма унтарасе лъикIаб гьавабакъалъги, дарабазги кумек гьабун гьечIо. ГIемер заман бачIого Жамалудин хун вуго.

**(Заман» газеталдасан).**

# Ругел ресал чидахъ кьолел руго

Районалъул ГьигьалЪ, Сасикь, ТIинди гIадал колхозазул чIахIиял ресал руго хъутабазда анцIанцI гектаразда хъарбузги бекьун, гьелдасан щибаб соналда аза-азар гъурщие жидерго колхозазе хайир гьабизе.

Амма рехсарал колхозаз гьел жидер ругел ресаздасан жидеего пайда босизе риччалел руго республика тун къватIисан рачIарал спекулянтал. Гьале исана гьел колхозаз багьадухъ, ай, арендалъе, хъарбуз бекьизе анцI-анцI гектаралдаса лъикIал ракьал кьун руго хъутабазда чачаназе ва цогидазе.

Гьеб ккола рехсарал колхозазул руководителазул колхозазул экономика борханиги, борхичIониги ургъел гьечIолъи.

**Жалал ГIабдусаламов**

## Ясал цIализариялда хурхун

Ясал цIализе ритIи цIакъго гIантаб, жиндасан пайдаго гьечIеб ва гьеб динияб мисалалда бегьулареб, хIарамаб ишлъун рикIкIулаан цебе Гьигьалъ росдал жамагIаталъ. Гьелъул хIасилалда гьеб росдал цониги чияс жиндир яс, хIатта, цо-цо нухалъ васалцин гьукъулаан росу тун къватIире цIализе ине.

Амма ахираб заманалда абизе бегьула, гьеб гIадат кьучIдасанго хисанилан. Росулъ гьабулеб бичIчIикьеялъул хIалтIи лъикIлъана ва цIикIкIана. Росдал захIматчагIазда дагь-дагь ккун бичIчIизе лъугьана цIалиялъул бугеб мунпагIат.

Ясал цIализе ритIи чара гьечIеб суал букIин баян гьабун захIматчагIазе лекциял цIалула лектор МухIамад Дибирасулаевас. Гьес цогидазги мисалалъе тIоцее жиндирго яц ПатIимат Буйнакск педучилищеялде цIализе йитIана, гьебго педучилищаялда цIалулел руго: ГI. ХIасанова, Х. Тажудинова, МахIачхъалаялда горянкабазул школалда цIалулел руго Б. АбутIалибова, М. МухIамадова ва гIемерал цогидалги.

Гьеле гьединал хIасилал кколел руго росулъ агитациялъулабгун пропаганда гьабиялъул хIалтIи борхизабуни.

**ХI-М. ГIамирилаев**

## Вас хвасар гьавуна

Гьаб соналъул 14 августалъ бакъанил мехалда ТIинди росдал «БехьалъучIи» абулеб колода бугеб хIориниве вортарав МухIамадов Расулил 3 сон барав вас Расулов МухIамад гьанкъулев ватун, жанивеги кIанцIун къватIиве вачун, хвалдаса хвасар гьавуна гьеб колода вугев учитель З. ГьитIиновас.

Жидер вас хвалдаса хвасар гьабиялъе гIоло васасул эбел-инсуца ва колода ругел тIолазго З. ГьитIиновасе ракIракIалъул баркала кьуна.

**МуртазагIали МухIамадов**

## ЛъикIаб байбихьи

Лъондода росдал советалъ (председатель гьалмагъ Шамхал СагIадулаев) ва гьеб советалда цебе бугеб культуриябгун сахлъи цIуниялъул комиссиялъул членаз лъикIаб байбихьи гьабун росулъ гIуцIун буго моцIрода жаниб кIиго нухалъ тIобитIулеб санитарияб къо.

Гьеб кьоялда киналго колхозчагIаз рацIцIад гьарула росдал къватIал, общественныял бакIал, азбарал, рукъзал, гьединго ретIелги чурула.

Гьединаб байбихьи цогидалги росабалъ гьабуни лъикI букIинаан.

**М. ГIаликъадиев**

# Литературияб гьумер



ГIабдула Зубаиров

## ГIазу биарабго баккулеб дерец…

ГIумру цIилъанилан, цIорой анилан,
ЦIияб хабар босун баккараб дерец...
ГIолохъанлъи, херлъи, хаслихълъи, ихал,
РакIалде щвеязул щенон балеб цIад…

ГIолохъанлъиялъул гIарза буго щун,
ГIакIа бугин тIаде, тIасан унареб,
Хирияй гьарула, тIаса лъугьа мун,
ТIолабго гIайиб щай, диде рехулеб!?

Марталъул гьава-бакъ, гьелъул хисарди,
Хирияй, дуеги рекъон кколаан.
Февралалъул къвакIи, къамартIав дунги,
КъуркьичIо, чучичIо, чаранлъун чIана…

Дий кучIдул гьаризе кваркьаби гьурай,
Кин йигей, кий йигей, дир бортараб цIва!?
Цилъун буго дунял, дерецги баккун,
Дол сонал, дол ихал, кIочонищ тарал?!...

ТIоцере раккарал дерец тIугьдуца,
ТIоцебесеб рокьул бицунеб буго…
ХIеренал, кьер-кьерал, гьайбатал гьезулъ,
ГьечIо дир къвакIиги, дур хисардиги…

Дун Къумах-колода кечI хъвалев вуго,
Кин йигей, кий йигей, дир бортараб цIва!?..
Мун талихIай йигищ, тел кьабе дихъе,
Толев гьечIин ракIалъ къисмат лъачIого…

Бакке абе дерец, цIилъаги дунял,
ЦIияб гIел бижизе, гIищкъу тIегьазе,
Биччанте ракьалда рокьи букIине,
Рукь цIалей гьудулги, сагълъи рохелги…

## Гьудуллъи бечедаб мискинаб заман

Доб гьудуллъиялъул гьор буго лъугьун,
Гьури жаниб пулеб, харил гул гьечIеб.
РакI жубараб вацлъи жагьаллъун буго,
Жанисан кваналел хIапарабаца.

Гъоркье-тIаде рачIин тIагIана нилъер,
ТIеренлъана хурхен хинкIал кванараб.
Рагьараб нуцIаги, рагьараб ракIги,
Рагьдухъ хутIун руго кавабиги къан…

Гьудуллъи бечедаб мискинаб заман,
Мадугьал хирияб, рохел гьарзаяб,
ЦIамгун чед кванараб, риди гьарараб,
Рохелги ургъелги бащад бикьараб…

Бакъулаб дунял тун, къокъулеб мехалъ
Къвалал гьечIеб гурде ретIараб мехалъ,
Цадахъ щиб босараб, щиб гьаниб тараб…
Щуго натI ракьалъул бахъулеб буго…

## Умумул ракIалде щун

МугIрул ицул чилчили,
Чвахулеб лъарал макъан,
Лълъар борхун ахIараб кечI,
Каранда цIуне дуца!...

ГIицIал хIатIазул лъалкIал,
ХIамида къан вачарай,
КIазил чадир гьабурай,
Чохьол эбел кIочонге!...

Ургъел, рохел бикьарав,
Ридигун хинкI кванарав,
РакI бечедав мадугьал,
КIочон тоге, гьарула.

КIочон тоге бертаби,
БахIаралъул гор-свери,
ГьекъечIого мехтарал,
ГIадатиял хараби…

ХIатIил роси тирияl,
Кверзул ритIи узданал,
Умумузул къурдаби,
Макьилъ рихьулел гьечIищ?

ГьагIдалъ ччун кванараб чед,
Чурпа ххун гIорцIараб мех,
ГIадатаб аваданаб,
Араб заман кIочонге!...

Кули-мархьу, гIи-цIцIани,
ЦIеда белъулеб хьабахъ,
Пандрил кIиго чIваялъул,
ЧIалгIулареб зигарди…

Квас самулел, дургъулел,
Кунал гIомо гьабулел,
Свак чучизе ахIулел
ХIайранал рокьул кучIдул…

РукIана гIадатиял,
ГIакълу, пикру камилал,
Как-диналъе дурусал,
Диналъулъ рикьи гьечIел.

Больницалда регичIел,
Рентгеналъ хал гьабичIел,
Херлъун гIодор кканиги,
Канлъи берзул хутIарал.

Ракьул къимат гьабулел,
КьотIносан мугь бищулел,
Къварилъи рохелалъулъ,
РакI чучизе ратулел!

Цаби-гIусал щулиял,
ЩукIдул рукIкIун къуларал,
Щиб кваниги, кванирукъ
Кидаго унтуларел...

Колхозалда хIалтIарал,
ХIакимзабаз гуккарал,
Пачалихъалъ пенсия,
Прожиточный къун тарал.

Нужехъ урхъун рукIуна,
Умумул кидаго ниж,
Унтаби цIикIкIун руго,
ЦIарал гIемерал руго…

Гьезул квераз гIуцIарал,
Кулаби рехун тана,
Как базе лъурал къанал,
Къилбаялде руссарал.

Пинкъал рахьарал квераз,
Рак бан рекьарал хурзал,
ХарибакIазде сверун,
Сагаби лъугьун руго.

БетIер къуле къадазе,
КъулгIабазе иццазе,
Къохьол хьабарча, тIимугъ,
ТIад ретIарал бахIарзал…

Умумул, тIаде рахьа,
ТIалъиялда бер чIвазе,
ТIатIала ккун риххарал,
Ригьзал ратIа гьаризе…

Гьежда чIварал чIалаби,
ЧIваднал лъугьарал бокьал,
ЧIер барсулел, гьанкулел,
Коразул канлъи свана.

КвартIил гьаракь къотIана,
Къебедасул рокъоса,
Къохьол перелоялъул,
Пулеб гьури сасана...

ШагIил цIарагI, пуруц, рукь,
Перело, лолен, раччи,
Гуржи-мачу, чохтIо, кIаз,
ЦIаха, манги цIунун те!...

Зонода хъварал цIарал,
ЦIорораб ганчIил къоно,
ТIолго гIалам буссунеб,
Сапаралъул байбихьи…

МацI кIочарал рихьизе,
Нух къосарал цIехезе,
ТIалъиялда бер чIвазе,
ТIаде рахьа, умумул!...

## Дир кечI



Дир каранзул унти, дир рекIел кIутIи,
КIутIун бачIунареб шавкъалъул къуват.
Щурула, вохула, чIухIула цо-цо
ЧIагояб гIагараб рагIи батидал…

Дий амру гьабуге, буюрухъ кьоге,
ЧIолорхъо балареб барти буго кечI…
Гьеб дир унти буго, дир рохел буго,
Дуе данде ккани-дарманги буго.

Дур заман чIваларeб чIагояб рагIи,
ЧIарала хур гIадин, бичала гьорохь,
Сусур батIа гьабун, жул тIаде бахъун,
Жанир цIурал мугьал хенола гьабихъ.

КочIол цIураб кулъун, хенолеб гьобо
Ханждал цIураб тансу, тирулеб раква
Зурма-къали буго, къолохъан вуго,
КъотIугеги гьаракь хенолеб гьабил...

## РукIана дол сонал сагIу ккаралги…

РукIана дол сонал, сагIу ккаралги…
Сардил макъуялъе къал ахIаралги,
ХIалихьалъи, хIелхIел, кIигьумерчилъи,
КIийде мацI бикьараз бекьулеб жахIда.

Бокьуларо дие гьезул бицине…
Гьезий къураб заман загьру буго дий.
Заманалъ борцана чIаго вукIаго,
ЧIегIерабги хъахIаб батIа гьабуна.

Амма хIикмалъула, хIалимав Аллагь,
ХIежгин гIумра тIубан тIадруссаразда,
ТIадегIанав Аллагь, иман лъе рекIелъ,
Иман-исламалъул нухда хьвадизе…

## Щивго вокьуларей, лъийго унарей…

Щивго вокьуларей, лъийго унарей,
Лъимал-хьизан гьечIей, хьахIаб рас бугей,
Эркенлъи хирияй, макъу гьуинай,
Данде гаргадулеб гурде ретIарай…

Дуй унел сонаца суал кьоларищ,
Сабураб ракIалъул кIул ричIиларищ?
Бальгояб рокьигун кьалдейищ йигей,
КьечIеб талихIалъул унтийищ бугеб?

Дуе вокьанагIан къурунги вуссун,
Къураб рагIиялъ мун рагIдукьищ тарай,
Яги эркенлъиялъ, квелъ бачIеб черхалъ,
Кодо-кодой йосун гуккунцин гурищ...

Амма эбелалъул каранда лъимер,
Канлъиги, хинлъиги, рохелги буго.
Эбел гIумруялъул гIишкъул цIа буго,
ЦIа свараб гьансито гьаримаб буго…

Дида гIайиб чIваге, гIарз бахъунилан,
ГIолохъанаб заман щванин ракIалде,
Щиб лъалеб гIумрудул сухъмахъ нухазул,
Суалазе жаваб дихьги батилеб…

Куракул гьотIода каратI бахъунан,
Кутак буго жакъа мадугьалалъул,
Гьалда лъалеб гьечIо, гьутIбузул тохтир
ГьотIоркIо букIинги, гьелъул хIалтIиги.

ЧIагояб накIкIил гьветI къотIулеб буго,
КъваригIел гьечIого гьагав жагьилас,
ГIурдада, гьотIода цIар хъвалеб буго,
ЦIали рехун тарал, бахьикъосаца…

* * *

РекIел хинлъиялъул хурзал рекьани,
ХинкI бащад бекулев камуларо чи.
Адаб-хIурматалъул хIалухъин хьани,
ХIуби бащалъула иман-яхIалъул.

Гьал дагьал къоязул къиматаб дунял,
Къеркьолаго щайзе нухда тIамулеб-?!
ГIелму-лъай босизе ресги букIаго,
Жагьиллъи бищуге, щайтIан бохулеб.

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302
Тираж -2030
Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Отдел МВД

**Как не стать жертвой мошенников и избежать хищения денежных средств с банковской карты**

В последнее время на территории Российской Федерации, в том числе Республики Дагестан, участились случаи мошенничества и краж денежных средств с банковских карт.

Напоминаем, самый распространенный способ хищения денежных средств с банковских карт, когда злоумышленники, используя вредоносные программы, через сеть Интернет и посредством услуги «Мобильный банк», с расчетного счета, привязанного к банковской карте, похищают деньги путем перечисления их на абонентские номера сотовых телефонов различных регионов (Москва, Самара, Марий -Эл и другие).

Хищение денежных средств с банковских карт и расчетных счетов, с использованием SMS-сервиса «Мобильный банк» происходит через заражение смартфонов с мобильной операционной системой «Android» на который была подключена данная услуга.

Вирусная программа попадает в смартфон через спам-рассылку SMS или MMS-сообщений с мотивирующим текстом. Обычно к ним может быть прикреплена ссылка следующего содержания: «Я по Вашему объявлению на Avito» или «Юлия Петровна отправила Вам сообщение. Открыть ук.cc/...» - сведения о фамилии и имени сгенерированы случайным образом из списка, содержащего женские данные либо с текстом: «посмотри на эти фотографии» и далее ссылка, первые буквы в ней могут быть схожи с названием сайта, например, «В Контакте» («VK») или другого известного ресурса. Переходя по указанной ссылке, владелец смартфона начинает грузить файл с вредоносной программой, ее название может быть любым, например, «Foto-7655». Ничего не подозревающий пользователь, устанавливает у себя вредоносную программу, которая блокирует информацию об отправляемых и получаемых SMS-сообщениях и начинает сама собирать сведения о телефонном аппарате, ищет подключенную к нему услугу «Мобильный банк», осуществляя перевод денежных средств с банковской карты потерпевшего на номера телефонов или банковские карты злоумышленников.

Другой способ снятия денежных средств может произойти при непосредственном доступе злоумышленника к мобильному телефону владельца (оставив его без присмотра), путем перевода денег на расчетные счета и абонентские номера третьих лиц, при утрате сим-карты, сотового телефона, а также при смене абонентского номера телефона, если владелец не отключает услугу «Мобильный банк», что способствует злоумышленнику снять денежные средства с банковской карты.

Чтобы не стать жертвой обмана и избежать хищения денег с банковской карты, следует придерживаться следующих правил:

-не используйте мобильный телефон для доступа к полной версии «Мобильного банка» ОАО Сбербанк России, для этого существуют специализированные приложения, разработанные банком через персональный компьютер, имеющий расширенные функции защиты от вредоносной программы.

-при смене абонентского номера телефона, на который подключена услуга «Мобильный банк», необходимо обратиться в любое внутреннее структурное подразделение банка и с помощью специалиста отключить эту услугу.

-установите на мобильный телефон антивирусную программу и своевременно ее обновляйте. Для защиты смартфонов необходимо использовать антивирусное приложение, из официальных источников, не следует переходить по ссылкам, указанным в сообщениях с незнакомых номеров.

-своевременно обновляйте браузер и используемые плагины, а также устанавливайте обновления операционной системы.

-не сообщайте злоумышленникам данные о Вашей банковской карте.

Если Вы стали жертвой мошенника незамедлительно обратитесь в полицию по телефонам дежурной части **99-48-29** или **112** и сотовой связи **8 963 410 52 51.**

**Пресс-служба ОМВД России по району**

## Военный прокурор разъясняет

10 февраля 2017 г. в 315 военной прокуратуре в отношении одного из самых крупных рыбодобывающих предприятий возбуждено дело об административном правонарушении, предусмотренном ч. I ст. 19.28 КоАП РФ, по факту даче взятки гражданином С. в виде денег должностному лицу А, в размере 75 000 рублей, для сокрытия нарушений, допущенных в ходе промысла рыбы на рыбопромысловом участке.

13 марта 2017 г. мировым судьей судебного участка Кировского района г. Махачкалы Республики Дагестан вынесено постановление о признании юридического лица виновным в совершении административного правонарушения, и оно подвергнуто административному наказанию в виде административного штрафа в размере 500 000 (пятиста тысяч) рублей.

**Александр Лучко,** военный прокурор

## МФЦ

**Платить за коммунальные услуги через терминалы МФЦ- быстро, удобно и надежно**

С помощью терминалов, расположенных в МФЦ района, можно за считанные минуты провести оплату за газ, свет и другие коммунальные услуги. Вы можете это сделать самостоятельно или с помощью специалиста центра. Принцип операции прост:

Выбираете из перечня нужный пункт оплаты;

Набираете во всплывшем окне номер лицевого счета;

Вводите показания счетчика;

Вносите сумму задолженности, нажимаете кнопку «Оплатить».

Кроме коммунальных услуг, через терминалы можно оплатить все виды налогов, штрафы ГИБДД, госпошлины и ряд других платежей. Более подробную информацию можно узнать в МФЦ района.

Утерянный аттестат 05АА0094311 о среднем (полном) образовании на имя Ниматулаевой Марьям Магомедрасуловны, выданный Тиссинской средней общеобразовательной школой 25.06.2009 года считать недействительным.

## Эркенаб гугари

# МухIамадхIабиб - Россиялъул чемпион



Гьал гIагарал къояз Ингушетия республикаялъул Магас шагьаралда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпионаталда МухIамадхIабиб КъадимухIамадов вахьана 70 кг. цIайиялда Россиялъул чемпионлъун.

Баркула МухIамадхIабибида ва гьесул тренер ХIасан ГIабдулбасировасда бергьенлъи, гьарула сахлъи, рохел ва талихI.

Аллагьас икъбал кьеги, МухIамадхIабиб, дуе Олимпиялъул тIогьиве вахине.

## Объявление

Управление образования района через Министерство образования и науки республики предлагает бесплатные путевки для детей школьного возраста в детские оздоровительные учреждения республики. («Каспий» в г.Каспийск и «Горные вершины» с. Хуштада, лесная поляна «Гажари»)

Прием детей в «Каспий» с 15 июня, а в «Горные вершины» с 20 июня.

Желающих просим обращаться в Управление образования.

Контактный тел. 8-963-790-99-00, 8-988-695-08-21.

**Перечень документов, необходимых для получения путевки**

Для получения путевки в детское оздоровительное учреждение республики заявитель представляет следующие документы:

1.Заявление родителей или других законных представителей, получателей государственной услуги (на имя Министра образования Шахабаса Курамагомедовича Шахова);

2.Копию свидетельства о рождении ребенка (детей);

3.Медицинскую справку установленной формы ф-079

4.Справку о составе семьи;

Если уполномоченное лицо от учреждения или организации получает путевку, необходима доверенность на уполномоченное лицо от родителя на согласие получения от его имени путевки на его ребенка.

Более подробная информация размещена на сайтах Управления образования, Администрации МР «Цумадинский район» и Министерства образования и науки Республики Дагестан.

## Бичулеб буго

Къенгьара авалалда Шамил ГIумаровас бичулеб буго ахгун мина. Багьа-къотIи-къаялъулаб.

ТIадеги баянал щвезе бокьараз ахIизе бегьула телефоналъ (8 964-014-04-15).

Райадминистрациялъул, росдал магIишаталъул отделалъул ва «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго МухIамад Идрисовасда ва гIолабго гIагарлъиялда гьесул хирияй яц

**ГIайшат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас хваралъе алжан насиб гьабеги, гIагарлъиялъе сабру кьеги.